

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Hiji karya sastra bisa jadi séséndéran pikeun ningali kaayaan nu terus baganti. Saupama ditilik tina prosés kamekaran sastra, ajén nu nyampak dina karya sastra moal leungit. Éta hal mangrupa salasihiji tarékah pikeun nangtukeun hasil dina karya sastra. Nurutkeun Badudu (1996, kc.1227) sastra mangrupa hiji karya seni nu diébréhkeun ku basa, tegesna prosa jeung puisi. Prosa nyaéta karangan bébas anu maké basa lancar, sarta teu kabeungkeut ku ugeran sakumaha nu aya dina puisi heubeul. Lian ti prosa, salasihiji wanda sastra nyaéta puisi. Nurutkeun Dunton (dina Isnendes, 2010, kc.36) puisi nyaéta pamadegan kongkrit manusa dina basa nu emosional sarta ngawirahma.

Saupama ditilik tina wandana, puisi miboga dua wanda, nyaéta puisi heubeul jeung puisi kaayeunakeun. Puisi heubeul mangrupa karya sastra anu kabeungkeut ku ugeran saperti jumlah engangna, kecap, rima, jsb. Béda jeung puisi kaayeunakeun anu henteu kabeungkeut ku ugeran saperti dina puisi saheulaeunana upamana dangding, sisindiran, mantra, jrrd. Salasihiji wanda puisi nu teu kabeungkeut ku ugeran nyaéta kawih.

Ku ayana kamekaran téhnologi anu beuki maju, ngabalukarkeun kawih Sunda geus mimiti dipopohokeun ku nonoman jaman kiwari. Padahal saupama dititénan, ku ayana téhnologi, kawih Sunda geus nyampak dina sawatara média anu sok dipaké kayaning *youtube*, *google*, jrrd. Tapi ieu hal téh jadi patukang tonggong, nonoman Sunda kiwari anu leuwih resep kana musik barat, pop atawa dangdut (Republika, 2015). Ieu hal mangaruhan kana pangajaran kawih di sakola. Antukna loba siswa anu teu paham kana pangajaran kawih, padahal loba pisan ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih. Salasihiji kawih nu ngandung ajén atikan nyaéta kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko. Kiwari ieu kawih téh henteu dipaké pikeun bahan pangajaran kawih ku sabab dianggap hésé ku para siswa.

Noval Mohammad Safari, 2019

**RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIHAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Balukarna, siswa leuwih apal kana lagu Sunda nu eusina ngeunaan cinta jeung heureuy tibatan kawih Sunda Islami nu hartina leuwih mundel.

Salasahiji tarékah pikeun ngapresiasi karya sastra sarta nyeukeutan pola pikir pikeun siswa kana kawih nyaéta ku cara nganalisis eusi nu nyampak dina rumpaka kawih. Saupama ditilik tina rumpakana, kawih sarua jeung kakawihan sabab kaasup puisi Sunda anu henteu kauger ku aturan. Eusi rumpaka nu nyampak dina kawih biasana sok ngandung harti anu pikaseurieun, pikasediheun, jrrd. Di tatar Sunda, aya salasahiji tokoh kawih Sunda nu karyana loba, nyaéta Haji Koko Koswara, atawa sering dipikawanoh ku landian Mang Koko. Anjeunna babar di Indihiang Tasikmalaya, ping 24 Nopémber 1915.

Ti hiji mangsa ka mangsa lianna, hasil sanggihan Mang Koko téh loba pisan wandana cara dina kawih ‘Badminton’ nu eusi rumpakana ngeunaan olahraga, kawih ‘Arwah Pahlawan’ nu eusi rumpakana ngeunaan jasa pahlawan, jrrd. Salian ti éta, nurutkeun Ruswandi (2017, kc. 2) Mang Koko ti leuleutik geus biasa ngalaksanakeun solat berjamaah, azan, sarta maca Al-Qur’an saméméh azan subuh. Éta kabiasaan téh sacara henteu langsung ngajadikeun sora Mang Koko hadé, ogé ti dinya Mang Koko bisa nyanggi kawih-kawih Islami nu eusina ngandung réa ma’na, di antarana mibanda ajén atikan nu nyangkaruk dina eusi rumpaka.

Ieu panalungtikan miboga udagan pikeun mikanyaho kumaha struktur nu aya dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko. Lian ti éta, pikeun mikanyaho kumaha ajén atikan nu nyampak dina ieu rumpaka kawih. Ogé, sangkan apal kumaha larapna ieu panalungtikan kana bahan pangajaran di SMP kelas VIII.

Panalungtikan séjén nu aya patalina jeung ieu rumpaka kawih kungsi dilaksanakeun saméméhna, diantaranya “Kajian Struktur jeung Ajén Sosial kana Rumpaka Lagu Pop Sunda Karya Doel Sumbang” ku Rizky Prasasti (2016) dina éta panalungtikan, Rizky leuwih nalungtik kana ulikan struktur jeung ajén sosial nu aya dina eusi rumpakana; “Rumpaka Kawih Kiliningan Gamelan Klasik Cich Cangkurileung (Tilikan Struktural, Semiotik, jeung Étnopédagogik)” tésis beunang Dimas Patria (2016). Dina éta panalungtikan, Dimas leuwih nalungtik

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

kana ulikan struktur, semiotik, jeung étnopédagogik nu aya dina rumpaka kawih kiliningan; “Rumpaka Tembang Sunda Cianjuran (Ulikan Struktural dinamik jeung Étnopedagogik)” tésis beunang Siti Mariam Maulida (2014). Dina éta panalungtikan, Siti leuwih museur nalungtik kana ulikan struktural dinamik jeung étnopédagogik nu aya dina rumpaka tembang Sunda Cianjuran; “Rumpaka Album Kawih Deudeuh jeung Geugeut Karya Eddy D. Iskandar pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMA Kelas X (Ulikan Struktural jeung Ajén Estetika)” ku Annisa Gusnira (2018). Dina éta panalungtikan, Annisa leuwih museur kana ulikan struktural jeung ajén estetika. Tina opat panalungtikan di luhur, aya salasahiji judul panalungtikan nu raket patalina jeung panalungtikan nu rék ditalungtik, nyaéta meunang Annisa (2018). Bédana, panalungtikan Annisa mah nalungtik rumpaka album kawih “Deudeuh Jeung Geugeut” karya Eddy D. Iskandar ulikanna struktural jeung ajén estetika. Sedengkeun ieu panalungtikan medar ngeunaan struktur jeung ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami nu disanggi ku Mang Koko. Dumasar kana pedaran di luhur, antara panalungtikan saméméhna jeung ieu panalungtikan téh teu sarua boh dina objék panalungtikanana boh dina hal nu ditalungtikna. Ku kituna, panalungtikan nu judulna “Rumpaka Kawih Sunda Islami Sanggihan Mang Koko pikeun Bahan Pangajaran Kawih di SMP Kelas VIII (Ulikan Struktural jeung Ajén Atikan)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang nu geus diébréhkeun saméméhna, sangkan ieu panalungtikan teu lega teuing ambahanana sarta bisa leuwih museur, perlu dijieun rumusan masalahna. Ieu panalungtikan téh ngulik ngeunaan analisis struktural sarta ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko. Ku kituna, rumusan masalah dina ieu panalungtikan dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko?
- 2) Kumaha ajén atikan dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggihan Mang Koko?

Noval Mohammad Safari, 2019

RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN ATIKAN)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

- 3) Kumaha larapna rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko kana bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Tujuan dina ieu panalungtikan ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus di antarana sakumaha ieu di handap.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan luyu jeung rumusan masalah nu dipedar saméméhna, nyaéta ngaidentifikasi struktur nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko, ogé ngadéskripsikeun ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko, sarta dijadikeun bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) struktur rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko;
- 2) ajén atikan dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko jeung;
- 3) larapna hasil panalungtikan kana bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat nu dipiharep tina ieu hasil panalungtikan ngawengku mangpaat téoritis, mangpaat praktis, jeung mangpaat tina segi kawijakan.

1.4.1 Mangpaat Téoritis

Mangpaat téoritis dina ieu panalungtikan nyaéta sangkan bisa ngawanohkeun struktur jeung ajén atikan nu nyampak dina rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko, hususna dina pangajaran basa Sunda di sakola. Anapon mangpaat nu lianna nyaéta pikeun ngeuyeuban pangaweruh dina widang sastra hususna rumpaka kawih.

Noval Mohammad Safari, 2019

***RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

1.4.2 Manfaat Praktis

Sangkan leuwih écés ieu panalungtikan diwincik jadi sawatara mangpaat praktis, di antarana:

- a. pikeun masarakat, sangkan bisa ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan seni sora Sunda nyaéta kawih, sarta pangalaman dina nganalisis rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko;
- b. pikeun nu nalungtik, méré kasempetan keur panalungtikan saterusna anu patali jeung rumpaka hususna dina widang sastra, sarta bisa jadi bahan référénsi;
- c. pikeun pamaca, méré pangaweruh dina hasil karya sastra hususna rumpaka kawih Sunda Islami nu loba ngandung arti;
- d. pikeun pangajaran, salaku bahan pangajaran kawih pikeun nambahan pangweruh nu jembar pikeun siswa di sakola.

1.4.3 Manfaat tina Segi Kawijakan

Mangpaat tina hasil panalungtikan ieu nyaéta pikeun ngungkulan handapna minat siswa kana kawih. Salasahiji tarékahna ku cara diayakeunna pasanggiri kawih. Salian ti éta, pikeun ngarojong Perda Provinsi Jawa Barat No. 14 taun 2014 ngeunaan Pelestarian jeung Pengembangan Bahasa, Sastra jeung Aksara.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu hasil panalungtikan disusun jadi lima bab, Bab I mangrupa bab nu munggaran nyaéta bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, sarta mangpaat signifikansi panalungtikan anu ngawengku mangpaat téoritis jeung mangpaat praktis.

Bab II UlukanTiori. Dina ulikan tiori diguar ngeunaan kawih, struktur, ajén atikan, jeung bahan pangajaran anu dipatalikeun jeung masalah nu ditalungtik, sarta medar ngeunaan tatapakan tiori nu dipaké dina ngalaksanakeun ieu panalungtikan.

Bab III Méthode Panalungtikan. Dina ieu bab dipedar ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan, ti mimiti méthode, téhnik ngumpulkeun data, desain panalungtikan, sumber data, sarta téhnik analisis data pikeun nyangking hasil anu dimaksud.

Noval Mohammad Safari, 2019

**RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)**

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Bab IV Hasil jeung Pedaran. Dina ieu bab dipedar hasil nu kapanggih dina panalungtikan anu ngawengku hasil analisis struktural jeung ajén atikan, dina unggal rumpaka kawih Sunda Islami sanggian Mang Koko anu satuluyna dilarapkeun kana bahan pangajaran kawih di SMP kelas VIII

Bab V Kacindekan jeung Saran. Dina ieu bab didéskripsikeun ngeunaan kacindekan tina hasil panalungtikan anu geus dilaksanakeun, sarta harepan panalungtik pikeun majuna panalungtikan ka hareupna.

Noval Mohammad Safari, 2019

***RUMPAKA KAWIH SUNDA ISLAMI SANGGIAN MANG KOKO PIKEUN BAHAN
PANGAJARAN KAWIH DI SMP KELAS VIII (ULIKAN STRUKTUR JEUNG AJEN
ATIKAN)***

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu